



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MÒD POZ ETA NEW YORK LA TE PWOLONJE POU DE SEMÈN K AP VINI YO

Mande mendèv ki pa esansyèl nan eta a pou travay depi lakay pou de semèn anplis rive 15 avril

Laboratwa Wadsworth New York la te devlope nouvo tès ki mwens anvayisan pou COVID-19

Dekrè egzekitif la pèmèt lekòl yo resevwa gadri gratis tou

Aprè apèl Gouvènè a, famasi yo te dakò pou ofri livrezon lakay gratis

Anonse eta, nan patenarya avèk Pòt Pawòl Asanble a Heastie, Senatè Bailey, Manm Asanble a Benedetto ak Prezidan Minisipalite Diaz Jr., ap lanse yon nouvo sit tès mobil nan Bronx

Konfime 7,195 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a nan 59,513; nouvo ka nan 44 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke mòd poz tout Eta New York la te pwolonje pou de semèn k ap vini yo. Gouvènè a te mande mendèv ki pa esansyèl nan eta a pou kontinye travay depi lakay pou de semèn anplis rive 15 avril. Eta a pral fè yon lòt evalyasyon apre peryòd de semèn lan.

Restriksyon sou mendèv sou plas, ki te aplike atravè plizyè Dekrè Egzekitif —202.3 (restoran ak ba, sal espò, sant pou fòm fizik, sal sinema ak kazino); 202.4 (mendèv gouvènman lokal, distri lekòl; eleksyon vilaj); 202.5 (sant komèsyal, sant amizman piblik); 202.6 (tout sa ki pa esansyèl redui a 50%); 202.7 (salon kwafè, estidyo, lòt swen pèsònèl); 202.8 (DMV); 202.10 (kèlkeswa rasanbleman ki pa esansyèl) 202.11 (pwolongasyon fèmte distri lekòl jiska 15 avril 2020) — pwolonje tou jiska 15 avril 2020 pou pèmèt menm pwolongasyon ak revizyon restriksyon sa yo epi nenpòt restriksyon ka pwolonje atravè lòt dekrè egzekitif pi devan.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke laboratwa Wadsworth Eta New York te devlope yon tès nouvo, mwens anvayisan pou COVID-19. Nouvo tès la a fèt atravè yon echantyon nan saliv ak yon tanpon moun lan pase nan nen byen vit devan yon pwofesyonèl swen sante. Anplis de sa, pwofesyonèl swen sante yo ka pase tèt yo tès la san pa bezwen gen yon lòt pwofesyonèl swen sante ki prezan. Nouvo tès sa a pral ede konsève ekipman pou pwoteksyon pèsònèl yo oswa PPE pou pwofesyonèl swen sante yo, redui

ekspozisyon potansyèl ak viris la pou pwofesyonèl swen sante yo epi sa pral pèmèt eta a kontinye teste otan moun ke posib nan New York pandan gen mank nasyonal pou tanpon nazofarenje oswa NP ki pi anvayisan yo. Zafè kolekte pwòp tanpon nan nen an te konn fèt anvan pou lòt viris respiratwa tankou grip epi yo te montre yo efikas ak san danje. Koleksyon echantiyon saliv la senp epi li pa anvayisan. Nouvo tès sa a pral kòmanse nan yon semèn.

Gouvènè a te pibliye tou yon dekrè egzekitif pou pèmèt lekòl yo resevwa gadri gratis.

Aprè li te fin pale ak gwo chèn famasi nan eta a, Gouvènè a te anonse ke famasi yo te dakò pou ofri livrezon lakay gratis pou ede redui gwo liy pou preskripsyon nan etablisman yo.

"Pa gen okenn eta nan nasyon an ki pi byen prepare oswa pi mobilize pou konbat viris sa a pase New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kantite ka yo kontinye ap ogmante pou rive nan somè a epi devlopman tès nouvo, ki pi rapid yo pral enpòtan nan ede bese koub sa a, pèmèt moun yo tounen nan travay ak tounen nan nòm al yo. Laboratwa Wadsworth nan eta a te devlope yon tès nouvo, ki mwens anvayisan ki pral pèmèt nou ogmante kapasite tès nou ansanm ak ekonomize PPE ki enpòtan anpil pou pwofesyonèl swen sante nou yo. N ap rive travèse sitiyasyon sa paske nou se Nouyòkè - nou fò, nou gen andirans e nou gen establi. Nou gen yon plan, n ap egzekite plan sa a epi n ap jere nenpòt obstak ki ta vini sou wout nou."

Gouvènè Cuomo te anonse tou, nan patenarya avèk Pòt Pawòl Asanble a, Carl Heastie, Senatè Jamaal Bailey, Manm Asanble Michael Benedetto ak Prezidan Minisipalite Ruben Diaz Jr., ke Eta a ap lanse yon nouvo sit tès mobil nan Co-Op City, pi gwo devlopman lojman piblik (Mitchell Lama) nan peyi a. Nouvo sit tès mobil sa a ki sitiye nan pakin sant komèsyal Bay Plaza, antre sinema AMC nan Bronx pral bay tès sou randevou sèlman epi pral priyorize moun ki gen sentòm yo ki te ekspozè depre ak yon ka ki te pozitif pou COVID-19, pwofesyonèl swen sante ak premye entèvenan ki afiche sentòm ak sila yo k ap travay nan mezon retrèt oswa ki te vizite youn dènyeman ki afiche sentòm COVID-19. Pou pran yon randevou, Nouyòkè yo ka rele liy asistans pou kowonaviris la nan 1-888-364-3065.

Finalman, Gouvènè a te konfime 7,195 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 59,513 ka konfime nan Eta New York. Nan total 59,513 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	205	10
Allegany	6	4
Broome	29	6
Cattaraugus	4	3
Cayuga	2	0
Chautauqua	5	0
Chemung	15	3
Chenango	15	7

Clinton	13	1
Columbia	23	1
Cortland	6	1
Delaware	8	0
Dutchess	320	58
Erie	358	40
Essex	4	0
Franklin	6	2
Fulton	1	0
Genesee	9	2
Greene	7	0
Hamilton	2	0
Herkimer	10	1
Jefferson	7	1
Lewis	2	2
Livingston	10	5
Madison	24	5
Monroe	219	27
Montgomery	6	1
Nassau	6445	908
Niagara	38	5
NYC	33768	4002
Oneida	26	3
Onondaga	152	23
Ontario	18	2
Orange	1247	146
Orleans	3	0
Oswego	8	1
Otsego	10	3
Putnam	144	13
Rensselaer	39	1
Rockland	2209	313
Saratoga	102	6
Schenectady	76	4
Schoharie	5	0
Schuyler	1	0
St. Lawrence	12	4
Steuben	17	4

Suffolk	5023	885
Sullivan	88	16
Tioga	4	0
Tompkins	52	7
Ulster	146	18
Warren	18	5
Washington	7	1
Wayne	12	0
Westchester	8519	644
Wyoming	8	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)